



**Depatman Edikasyon Etazini  
Biwo pou Dwa Sivil**

**FÒM POU FÈ PLENT POUTÈT DISKRIMINASYON**

Ou pa gen obligasyon pou itilize fòm sa a pou fè yon plent nan Biwo pou Dwa Sivil [Office for Civil Rights (OCR)] Depatman Edikasyon Etazini (U.S. Department of Education). Ou ka voye yon lèt oswa yon imèl ba OCR alapas fòm sa a, men lèt la oswa imèl la dwe gen ladan enfòmasyon ki nan paragraf en jiska paragraf nèf ak paragraf katòz fòm sa a. Si ou deside itilize fòm sa a, tanpri tape tout enfòmasyon yo oswa ekri yo an lèt detache epitou itilize lòt paj si ou bezwen plis espas. Ou kapab remèt fòm sa a sou entènèt avèk yon vèsyon elektwonik ou kapab jwenn nan sitwèb: <http://www.ed.gov/about/offices/list/ocr/complaintintro.html>.

Anvan ou plen fòm sa a tanpri li tout enfòmasyon ki nan dosye ou jwenn nan anvlòp la, ki gen ladan: Enfòmasyon Sou Metòd OCR pou Rezoud Plent, Avi sou Itilizasyon Enfòmasyon Pèsonèl, ak Fòm Konsantman.

1. Non moun ki fè plent sa a:

Non Fanmi: \_\_\_\_\_ Prenon: \_\_\_\_\_ Dezyèm Prenon: \_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_

Vil: \_\_\_\_\_ Eta: \_\_\_\_\_ Kòd Postal: \_\_\_\_\_

Telefòn nan Kay: \_\_\_\_\_ Telefòn Travay: \_\_\_\_\_

Imèl: \_\_\_\_\_

2. Non moun ki viktim diskriminasyon an (si **li pa** moun ki ranpli fòm nan). Si moun ki viktim diskriminasyon an gen laj 18 tan oswa plis, n ap bezwen siyati moun sa a nan fòm plent sa a ak nan fòm konsantman a/divilgasyon enfòmasyon an anvan nou kapab travay sou plent sa a. Si moun nan se yon timoun minè, epi si ou pa gen otorizasyon legal pou fè yon plent sou non elèv la, siyati paran elèv la oswa responsab legal la obligatwa.

Non Fanmi: \_\_\_\_\_ Prenon: \_\_\_\_\_ Dezyèm Prenon: \_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_

Vil: \_\_\_\_\_ Eta: \_\_\_\_\_ Kòd Postal: \_\_\_\_\_

Telefòn nan Kay: \_\_\_\_\_ Telefòn Travay: \_\_\_\_\_

Imèl: \_\_\_\_\_

*Misyon nou se pou asire tout moun jwenn edikasyon egalego epi pou ankouraje ekselans nan edikasyon tout kote nan Nasyon an.*

3. OCR fè ankèt sou plent poutèt diskriminasyon kont enstitisyon ak ajans ki resevwa bourad lajan nan Depatman Edikasyon Etazini. Nou fè ankèt tou kont enstitisyon edikasyon piblik ak bibliyotèk ki anba kontwòl dispozisyon Tit II Lwa Anfavè Ameriken Andikape (Americans with Disabilities Act). Tanpri idantifye enstitisyon oswa ajans ki pratike diskriminasyon ou sipoze a. Si nou pa kapab aksepte plent ou, n ap fè efò pou voye plent lan ba ajans apwopriye a epitou n ap voye avi ba ou pou fè ou konnen sa.

**Non Enstitisyon an:** \_\_\_\_\_

**Adrès:** \_\_\_\_\_

**Vil:** \_\_\_\_\_ **Eta:** \_\_\_\_\_ **Kòd Postal:** \_\_\_\_\_

**Depatman/Lekòl:** \_\_\_\_\_

4. Règleman OCR entèdi pratik diskriminasyon akòz ras moun, koulè moun, peyi kote moun soti, si moun nan se fanm oswa gason, andikap, laj oswa vanjans. Tanpri endike rezon plent ou an:

- Diskriminasyon ki **baze sou ras (bay presizyon)**

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

- Diskriminasyon ki **baze sou koulè (bay presizyon)**

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

- Diskriminasyon ki **baze sou peyi kote ou soti (bay presizyon)**

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

- Diskriminasyon ki **baze sou si ou se fanm oswa gason (bay presizyon)**

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

- Diskriminasyon ki **baze sou andikap (bay presizyon)**

---

---

---

- Diskriminasyon ki **baze sou laj (bay presizyon)**

---

---

---

- Vanjans paske ou te fè yon plent oswa paske ou te egzèse dwa ou (bay presizyon)**

---

---

---

- Vyolasyon Lwa sou Aksè Egalego nan Boy Scouts of America (Boy Scouts of America Equal Access Act) (bay presizyon)**

---

---

---

5. Tanpri bay yon deskripsyon sou chak zak diskriminasyon ou sipoze ki fèt kont ou. Pou chak aksyon, tanpri mete dat (yo) zak diskriminasyon an te fèt, non (yo) chak moun ki konsène epi, rezon ki fè ou kwè diskriminasyon te fèt akòz ras, andikap, laj, si ou se fanm oswa gason, elatriye. Epitou bay non nenpòt moun ki te la epi ki te temwen zak diskriminasyon an (yo).

---

---

---

---

---

---

6. Nan ki **dènye dat** ou te viktim diskriminasyon?

**Dat la:** \_\_\_\_\_

7. Si dat sa a pase depi **plis pase 180 jou**, ou ka mande yon pèmisyon sou kondisyon pou fè plent lan.

- Mwen mande yon pèmisyon sou limit tan 180 jou pou mwen fè plent sa a. Tanpri eksplike pou kisa ou te rete tann jouk kounye a pou fè plent ou.

---

---

---

8. Èske ou te eseye rezoud akizasyon sa yo avèk enstitisyon an avèk yon metòd entèn pou fè doleyans, kontestasyon oswa odyans regilye?

- WI**       **NON**

Si ou reponn **wi**, tanpri bay deskripsyon sou akizasyon ki nan plent ou oswa nan odyans ou, idantifye dat ou te fè plent lan, epi di nou nan kite etap li rive. Si li posib, tanpri ban nou yon kopi doleyans ou oswa kontestasyon ou oswa demann ofisyèl ou epi, si li te fini, bay desizyon yo te pran nan zafè a.

---

---

---

9. Si akizasyon ki endike nan plent sa a te fèt nan nenpòt lòt ajans dwa sivil federal, ajans dwa sivil leta oswa ajans dwa sivil lokal, oswa nan nenpòt tribinal federal oswa tribinal leta, tanpri bay detay yo ak dat yo. N ap detèmine si li apwopriye pou fè yon ankèt sou plent ou dapre akizasyon espesyal ki nan plent ou epitou dapre aksyon lòt ajans lan oswa tribinal te fè.

**Ajans oswa Tribinal:** \_\_\_\_\_

**Dat ou Te Fè Plent lan:** \_\_\_\_\_

**Nimewo Dosye oswa Referans:** \_\_\_\_\_

**Rezilta Ankèt la/Desizyon Ajans lan oswa Tribinal la te Pran:**

---

---

10. Si nou pa kapab jwenn ou lakay ou oswa nan travay ou, nou ta renmen gen non ak nimewo telefòn yon lòt moun (manm fanmi ou oswa zanmi ou) ki konnen ki kote ak kilè nou kapab jwenn ou. Enfòmasyon sa yo **pa obligatwa pou bay**, men y ap itil nou si ou bay yo.

**Non Fanmi:** \_\_\_\_\_ **Prenon:** \_\_\_\_\_ **Dezyèm Prenon:** \_\_\_\_\_

**Telefòn Lakay** \_\_\_\_\_ **Telefòn Travay:** \_\_\_\_\_

11. Kisa ou ta renmen enstitisyon an fè akòz plent ou — ki solisyon w ap chèche?

---

---

---

---

12. Nou pa kapab aksepte plent ou si ou pa siyen li. Tanpri siyen plent ou anba la a epitou mete dat ladan.

\_\_\_\_\_  
(Dat la)

\_\_\_\_\_  
(Siyati)

\_\_\_\_\_  
(Dat la)

\_\_\_\_\_  
(Siyati moun ki nan Paragraf 2)

Tanpri voye Fòm Plent poutèt Diskriminasyon ou plen ak siyen an, fòm konsantman ou siyen an ak kopi dokiman alekri ak lòt dokiman ou kwè ki pral ede OCR konprann plent ou nan Biwo Egzekisyon OCR ki responsab pou eta kote adrès enstitisyon an oswa ajans ou fè plent kont li a ye. Ou kapab jwenn enfòmasyon sou adrès pou biwo egzekisyon kòrèk la sou sitwèb OCR nan <http://wdcrobcolp01.ed.gov/CFAPPS/OCR/contactus.cfm>.